# DUWTAR ATQARIWSHILIǴI KOMPETENCIYALARIN QÁLIPLESTIRIWDE INNOVACIYALIQ PEDAGOGIKALIQ TEXNOLOGIYALARDIŃ ORNI

**Iseeva Ayzada Konısbaevna**
**Ájiniyaz atindaǵı Nókis mámleketlik pedagogikaliq institutı**
https://doi.org/10.5281/zenodo.21943521

**Annotaciya**: Usı teziste duwtar atqarıwshılıq kompetenciyaların qáliplestiriwde innovaciyalıq pedagogikalıq texnologiyalardıń áhmiyeti analiz etiledi. Duwtar úyretiwde interaktiv metodlar, sanlı texnologiyalar hám kompetenciyalıq qatnaslardan paydalanıwdıń teoriyalıq hám ámeliy tiykarları sáwlelendiriledi.

**Tayanısh sózler:** duwtar, atqarıwshılıq kompetenciyası, innovaciyalıq pedagogika, muzıka tálimi, interaktiv metodlar, sanlı texnologiyalar, kreativlik, kásiplik kompetenciya.

# РОЛЬ ИННОВАЦИОННЫХ ПЕДАГОГИЧЕСКИХ ТЕХНОЛОГИЙ В ФОРМИРОВАНИИ ИСПОЛНИТЕЛЬСКИХ КОМПЕТЕНЦИЙ ДУТАРА

**Аннотация**: В данном тезисе анализируется значение инновационных педагогических технологий в формировании исполнительских компетенций дутара. Освещаются теоретические и практические основы использования интерактивных методов, цифровых технологий и компетентностных подходов в обучении дутару.

**Ключевые слова**: дутар, исполнительская компетенция, инновационная педагогика, музыкальное образование, интерактивные методы, цифровые технологии, креативность, профессиональная компетенция.

# THE ROLE OF INNOVATIVE PEDAGOGICAL TECHNOLOGIYES IN FORMING DUTAR PERFORMANCE COMPETENCIYES

**Abstract:** This thesis analyzes the significance of innovative pedagogical technologiyes in forming dutar performance competenciyes. The theoretical and practical foundations of using interactive methods, digital technologiyes, and competency-based approaches in teaching the dutar are highlighted.

**Keywords:** dutar, performance competence, innovative pedagogy, musical education, interactive methods, digital technologiyes, creativity, professional competence.

**Kirisiw:** Ózbekstannıń bay muzıkalıq miyrası quramında duwtar ásbabı ayrıqsha orın iyeleydi. Bul saz ásbap ásirler dawamında xalıqtıń ruwxıy turmısı, úrp-ádetleri hám kórkemlik oy-pikirin sáwlelendirip kelgen. Duwtardıń jańlaǵan hám jaǵımlı hawazı milliy muzıka mádeniyatınıń ajıralmas bólegine aylanǵan. Sol sebepli duwtar atqarıwshılıǵın jas áwladqa puqta úyretiw hám onı bilimlendiriw sistemasında nátiyjeli shólkemlestiriw áhmiyetli máselelerden biri bolıp esaplanadı. Búgingi kúnde joqarı oqiw orınlarında muzıka bilimlendiriwi aldına tek bilim beriw emes, al studentlerde kásiplik kompetenciyalardı qáliplestiriw wazıypası qoyılǵan. Kompetenciyalıq qatnas oqıwshınıń bilim, kónlikpe hám tájiriybelerin real ámeliy iskerlik penen úylestiriwdi názerde tutadı. Ásirese, muzıka bilimlendiriwinde atqariw kompetenciyası teoriyalıq bilimlerdi ámeliy atqarıw menen baylanıstırıwda úlken áhmiyetke iye [1, 24]. Muzıka tálimi rawajlanıp baratırǵan házirgi dáwirde innovaciyalıq pedagogikalıq texnologiyalardı bilim berıw procesine engiziw zárúrligi artıp barmaqta. Sebebi dástúriy sabaq usılları oqıwshılardıń barlıq imkaniyatların tolıq

kórsetıwge jeterli sharayat jarata almaydı. Zamanagóy texnologiyalar bolsa bilim beriw procesin qızıqlı, nátiyjeli hám oqıwshıǵa baǵdarlanǵan tárizde shólkemlestiriw imkanın beredi [2, 37]. Duwtar atqarıwshılıǵın úyretıw procesinde innovaciyalıq texnologiyalardan paydalanıw talabalardıń oqıw iskerligin jedellestiredi, quramalı atqarıw usılların ózlestiriwdi jeńillestiredi hám dóretıwshilik qatnastı qáliplestiredi. Atap aytqanda, audio-video materiallar, elektron notalar, virtual sheberlik sabaqları hám interaktiv shınıǵıwlar studentlerdiń erkin jumıs islew kónlikpelerin rawajlandırıwda áhmiyetli orın iyeleydi. Izertlewshiler duwtar atqarıwshılıǵında kreativlikti rawajlandırıw hám autentik atqarıwshılıq dástúrlerin saqlap qalıwda innovaciyalıq texnologiyalardıń úlken imkaniyatlarga iye ekenligin atap ótedi. .

**Tiykargi bólim**: Oqıwshılarda duwtar atqarıw sheberligin rawajlandırıwdıń áhmiyetli metodikalıq shártlerinen biri oqıw procesiniń basqıshpa-basqish shólkemlestiriliwi esaplanadı. Dáslepki basqıshlarda studentlerge ásbaptı durıs uslaw, atqarıw waqtında deneniń erkin halatın saqlaw, ses payda etıw usılları hám elementar texnikalıq shınıǵıwlar úyretiledi. Bul kónlikpeler keyin ala quramalı shıǵarmalardı sapalı atqarıw ushın tiykar bolıp xızmet etedi [3, 78]. Duwtar atqarıwshılıǵında texnikalıq sheberlik penen bir qatarda kórkem anlatıwshılıq ta úlken áhmiyetke iye. Student nama xarakterin seziwi, oniń mazmunın tıńlawshıǵa jetkere alıwı kerek. Sol sebepli shınıǵıwlarda tek ǵana texnikalıq shınıǵıwlarǵa emes, al shıǵarmanıń mazmunı, usılı hám obrazların tallawǵa da itibar qaratılıwı zárúr. Bul process talabalardıń muzıkalıq pikirlewin rawajlandıradı hám atqarıw sıpatınıń artıwına xızmet etedi [4, 56]. Atqarıw sheberligin rawajlandırıwda turaqlı hám maqsetli shınıǵıwlar ayrıqsha orın iyeleydi. Hár bir shınıǵıw aldıńǵı sabaqlarda ózlestirilgen kónlikpelerdi bekkemlew hám de jana texnikalıq elementlerdi iyelewge baǵdarlanıwı lazım. Ásirese, gammalar, arpedjiolar, hár túrli ritmikalıq shınıǵıwlar hám etyudlardan paydalanıw barmaqlardıń hárekecheńligin asıradı hám de orınlaw anıqlıǵın támiyinleydi [2, 121]. Duwtar atqarıwshılıǵın úyretıwde ustaz-shákirt dástúrleri úlken metodikalıq áhmiyetke iye. Bul dástúr arqalı talaba tek ǵana texnikalıq kónlikpelerdi emes, al milliy atqarıwshılıq mekteplериniń metodikalıq ózgesheliklerin de ózlestiredi. Belgili duwtar atqarıwshılarınıń atqarıwların tıńlaw, audio hám video materiallardı talqılaw talabalardıń atqarıw tájiriybesin bayıtadı hám de olarda ǵárezsiz dóretıwshilik pikirlew kónlikpelerin qáliplestiredi [3, 95].

Zamanagóy málimleme-kommunikaciya texnologiyalarınan paydalanıw da duwtar atqarıwshılıǵın úyretıw nátiyjeliligin arttıradı. Elektron sabaqlıqlar, videosabaqlar hám sanlı bilimlendiriw platformaları studentlerge erkin bilim alıw imkaniyatın jaratadı. Nátiyjede oqıw procesi jáne de qızıqlı hám nátiyjeli shólkemlestiriledi [4, 63]. Multimedia texnologiyalarınan paydalanıw da oqıw procesiniń nátiyjeliligin arttıradı. Sabaq dawamında nota teksti, audio jazıw hám video kórinislerdiń birgelikte qollanılıwı studenttiń kórıw, esitıw hám ámeliy iskerligin bir waqıttıń ózinde jedellestiredi. Bul bolsa úyrenilip atırǵan materialdıń bekkem ózlestiriliwine xızmet etedi. Ásirese, quramalı atqarıw usılların video kórinis arqalı kórsetıw dástúriy túsindiriwge qaraǵanda nátiyjelirek nátiyje beredi.

**Juwmaqlaw :** Duwtar atqarıwshılıǵı bilimlendiriwi milliy muzıka mádeniyatın saqlaw hám rawajlandırıwda úlken áhmiyetke iye. Zamanagóy bilimlendiriw sistemasında bolajaq muzıka qánigelerin tayarlaw procesinde tek teoriyalıq bilimlerdi emes, al ámeliy atqarıw kónlikpeleri hám kásiplik kompetenciyalardı da qáliplestiriw zárúr esaplanadı.

Sonday-aq, innovaciyalıq pedagogikalıq qatnaslar studentlerde kreativ pikirlew, erkin muzıkalıq talqılaw jaratıw hám saxna mádeniyatın rawajlandırıwǵa xızmet etedi. Nátiyjede

bolajaq duwtarshılar hám muzıka pedagoglarınıń kásiplik kompetenciyaları jáne de jetilistiriledi. Juwmaqlap aytqanda, duwtar atqarıwshılıǵı kompetenciyaların qáliplestiriwde innovaciyalıq pedagogikalıq texnologiyalardan nátiyjeli paydalanıw muzıkalıq bilimlendiriwdiń sapasın arttırıw, milliy atqarıwshılıq dástúrlerin qásterlep saqlaw hám zamanagóy talaplarǵa juwap beretuǵın maman qánigelerdi tayarlawdıń áhmiyetli shárti esaplanadı.

## Adabiyotlar, References, Литературы:

1. Nosirov D.T. Cholg'u ijrochiligini o'qitishda innovatsion pedagogik yondashuvlar // Advances in Science and Education. – 2026. – №2(03). – B. 94–98.
2. Baxtiyorova U.M. Duwtar cholg'usi gneseologiyasi va professional ijrochilikda kreativlik metodlarini rivojlantirishning autentik innovatsion texnologiyalari // Science and Education. – 2025. – №6(12). – B. 216–231.
3. Sunnatova S.B. Musiqa va san'at maktablarida Duwtar cholg'usi ijrochiligi kreativligini takomillashtirish metodlari // Science and Education. – 2025. – №6(10). – B. 532–543.
4. Askarov N.K. Cholg'u ijrochiligi darslarida o'quvchilarni ijro texnikasini rivojlantirish metodikasini takomillashtirish (Duwtar sinfi misolida) // Science and Education. – 2025. – №6(2). – B. 210–215.
5. Iseeva, A. "DUWTAR-ÓZBEK MILLIY SAZ ÁSBABÍ" B ACADEMIC RESEARCH IN MODERN SCIENCE (Т. 3, Выпуск 11, сс. 22–27). (2024).
6. Iseeva.A "QARAQALPAQ HÁM ÓZBEK DUWTARÍ". Центральноазиатский журнал междисциплинарных исследований и исследований в области управления, 1(5), 35–39. (2024)
7. Iseeva, A. (2026). HISTORICAL DEVELOPMENT OF THE DUTAR INSTRUMENT IN EASTERN MUSIC CULTURE. In INTERNATIONAL CONFERENCE ON CULTURE & HISTORY (Vol. 2, Number 5, pp. 34–36). Zenodo. https://doi.org/10.5281/zenodo.20378858
8. Iseeva, A. (2026). DEVELOPMENT OF PERFORMANCE SKILLS IN STUDENT DUWTAR PLAYERS. In INTERNATIONAL CONFERENCE ON ARTS, SOCIETY & HUMANITIES (Vol. 2, Number 5, pp. 92–94). Zenodo. https://doi.org/10.5281/zenodo.20459179